

RINGKESAN

Panalungtikan ieu nganalisis transformasi dinamika konflik di Asia Kidul, kalayan fokus husus kana wewengkon Gilgit-Baltistan dina konteks China-Pakistan Economic Corridor (CPEC). Konflik Kashmir sacara tradisional dipikaharti minangka konflik bilateral antara India jeung Pakistan anu miboga akar tina partisi taun 1947. Nanging, kamajuan kontemporer nunjukkeun ayana parobahan anu signifikan kalayan asupna China ngaliwatan CPEC, anu ngarobah pola konflik jadi leuwih kompleks sarta ngarah kana struktur trilateral. Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun nganalisis peran CPEC minangka katalisator dina transformasi konflik ieu, ngaidentifikasi mékanisme kabentukna *security dilemmatrilateral*, sarta nalungtik pangaruhna kana instabilitas régional jeung kabentukna pola konflik di Asia Kidul.

Panalungtikan ieu ngagunakeun pendekatan kualitatif kalayan métode déskriptif-analitis, anu dumasar kana data sekundér tina studi pustaka jeung dokumén kawijakan resmi, kaasup laporan ti Kamentrian Pertahanan India jeung publikasi stratégi anu patali. Analisis ieu ngagunakeun kerangka *Regional Security Complex Theory* (RSCT) anu dimekarkeun ku Barry Buzan jeung Ole Wæver, anu nekenkeun kana silih gumantungna kaamanan régional sarta pola interaksi antar nagara dina hiji kompleks kaamanan.

Hasil panalungtikan nunjukkeun yén Gilgit-Baltistan miboga posisi anu strategis pisan minangka titik patepungan kapentingan India, Pakistan, jeung China. Ayana CPEC nguatkeun diménsi kaamanan ngaliwatan pangwangunan infrastruktur *dual-use*, anu henteu ngan ukur ngadukung konektivitas ékonomi, tapi ogé ningkatkeun mobilitas, pangawasan, jeung kontrol wilayah. Béda persepsi ancaman antar aktor nyababkeun kabentukna *security dilemmatrilateral* anu ngaronjatkeun ketegangan sarta instabilitas régional. Dinamika ieu nguatkeun pola *conflict formation* di Asia Kidul. Ku kituna, CPEC tiasa dipikaharti minangka katalisator utama dina transformasi konflik sarta ningkatkeun kompleksitas kaamanan di kawasan.

Kecap konci: Gilgit-Baltistan, CPEC, Konflik Trilateral, RSCT, Security Dilemma, Asia Kidul.